ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№158 (22.66) ● 2011 гъэм шыщхьэIум (августым) и 24, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Япэ ирагъэщхэр

«СОЧЭ-2011» епщIанэ дунейпсо зэIущIэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом меларди 103,4-рэ и уасэ инвестпроекту 17 щигъэлъэгъуэнущ. Абыхэм я нэхъ ин дыдэр IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм папщIэ ильэсым полиэтилентерефталату (ПЭТФ) тонн мин 486-рэ зыгъэхъэзырыну Iэнатl№ кьыIэуфыным теухуарц. Ар зи жэрдэмыр «Этана» полимер кьабзэхэм елэжь завод» ООО-рщ. Проектыр IыхьишIу зэщхьэщхыкуэ 2012, 2014, 2015 гъэхэм Май районым щагъэззэщIэну я мурадщ. Ухуэныгъэр зэфIэкIмэ, Iэнатl№ 2500-рэ кьыIэрагъэпэщынущ. Абы еэлъхэмрэ нэгъуэщIхэмрэ я мыльку у, федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу сом меларди 15,7-рэ хухахынущ. Урысейм хамэ кьэралхэм ПЭТФ-у кьыщицэхуэм и процент 30-р предприятэм кьыхущIэгъэкIынущ. БжыгъэкIэ лажьэ медицинэ рентген техникэр щыIэпкрыльхьэну «Севкавренттен-Д» ООО-ми республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

КъБР-м Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ и министерствэм инвестицIэ политикэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Мэт Анзор зэрыжиIамкIэ, республикэм туристкластер кьыщыIэзгъэпэщыным и Iуэхум нэгъабэ нэхъыбэу елэжьамэ, мэкъумэщ Iэнатl№эхэм зегъэужьыным мы Правительствэм гульитэ хэха хуещI. Абы и лъэныкьуэкIэ нэхъ проектышхуэхэм ящыщщ хадзэкIэхэр дэжеяуэ (щым хэмысауэ) щигъэкIын папщIэ, «Агро-Ком» ООО-м гектари 100-м щиухуэну и мурад хуэфащэр. Псори зэхэту абы инвестицIу сом меларди 6,3-рэ хуэзэ.

«Iуащьхэмахуэ Iьапэ» АПК ОАО-м сом меларди 4,8-рэ и уасэ и проектыр зытещIыхьар жэм 4800-рэ щаIыгъын Прохладнэ районым щыхуэзырщ.

Джэдылрэ гуэгушIуэ тонн мин 26-рэ илъэсым кьыщалэжьыну иджырей Iуэхущ1апIэ кьыIэIухьным теухуауэ «Ю-Агро» ООО-м игъэ зэхэзыра проектыр инвестицIу сом меларди 4,3-рэ хуейщ. Предприятэр кьызэIухакIэ, щыхуэ 1500-рэ, абы кьегъэщIылIа Iэнатl№эхэм 1200-м щIигъу щыIэжьынущ. Ухуэныгъэм щIадзэмэ, миным нэблагъэ а Iуэхум хашэнущ.

Хабзэр зэрыувауэ, «Сочэ-2011»-р министерствэхэм, къэрал Iуэхущ1апIэхэм, урысей, дунейпсо компание пашэхэм я унафэщIхэм, Iэщ1агъэлIхэм, хьэрычэтыщIэ щIэрыIуэхэм я зэIущ1апIэ хъунущ.

Уф-м и Правительствэ твэр я щIэгъэкIуэну кьыIэрагъэпэщ зэхьихьэшхуэм и программэр нэхьыбэу зытеухуар 2020 гъэ пщIондэ экономикэм кьыпэщыт кьалэнхэрщ, щынальъэм зэрызиужьыным и унэтIныгъэ, инвестицэр зэщIэгъэуIуэныкIэ, энергием кьыпыкI фейдэм зэгъэхъуэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэщ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм шыщхьэIум и 16-м *№431-рп*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэр кьыIэзырагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъур ягъэлъэпIэным зыхуагъэхьэзырын икIи абы егъэщIылIа Iуэхуэхэр ираГъэкIуэкIын папщIэ:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэр кьыIэрыIэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи абы егъэщIылIа Iуэхуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ кьыIэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкl э и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкl э и министерствэм сом мин 540-рэ хухихьи хуейщ «2009 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм зыщIегъэужьыну» республикэ программэм щыщ Iыхьэу 2011 гъэм гъэзэщIэным и Iуэхум хуэгъэзар екъэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и мылькукI э ищхьэкI э къэдгъэлъэгъуа Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ **ГЕРТЕРИван**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм шыщхьэIум и 16-м кьищта Унафэ №431-рп-кIэ щIагъэбыдащ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэр кьыIэрыIэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырын икIи абы егъэщIылIа Iуэхуэхэр иригъэкIуэкIын папщIэ кьыIэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкI э и министрыр *(кьыIэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI)*

Взрокуэ В. Хь. - щэнхабзэм и Урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщIыр *(зэрыIэгъэрыIуам тету)*

Емуз А. Гъ.- «Къэбэрдей-Бадъкъэр Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ Мэлбахьуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр

Кьхуэлуфэ Хь. Хь.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм и зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр *(зэрыIэгъэрыIуам тету)*

Кьултырбей Хь. М.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкI э, архитектурэмкI э, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкI э и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкI э и министрыр

Пашты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм и Iуэхуэхмкl э, зэгухьэныгъэхэм ящIэхьэнымкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

ЩIхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкI э и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр.

Зауэ иращIылIэну?

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащIэ ГънатIэм кьыIэрытымкIэ, Курдистаным и лъжьакIуэ партым (РПК) и зэуакIуэхэм Тыркум зауэ иращIылIэну загъэхьэзыр, абы и кьэхъыбгъэхэм Ираким и щыхъэжьэ щыIэ курд быданIэхэм суэн щамыгъэтмэ, Ар дылэр Франс Пресс хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм щыжIащ РПК-м и лъкIуэ Дени Ахьмэд.

- Тыркум и кхъухьлатэхэр кьеуа нэужь, ди щIыхуэхущым я псэр хэкIащ хьэзабым хэту. Тыркум дэ кьыдэуэн щимыгъэтмэ, зауэ етщIылIэнущ, - жеIэ Дени.

РПК-м и зэуакIуэхэр гъуэгум кьащIэтIысу Тыркум и зауэлI 12 яукIа нэужь, щыщхьэIум и 17-м а къэралым и кхъухьлатэхэр еуащ курдхэм я быдапIэу Ираким щыIэм. Ар а быдапIэхэм илъэсым щIигъуауэ еузжатжым.

Курдхэм я къэралыгъуэ щIхьэхуит кьыIэригъэпэщын хуейуэ Тыркум пэзыубыд РПК-м а къэралыр кьаугъэм хигъэтщ илъэс 25-м щIигъуауэ. Абы кьагъэхьей зэхуэхэм а зэман кIыхьым кьурыбыдэу хэкIуащ щIыхуэ жьыуаIа Сейф аль-Ислъам. КьыIэрыщIэкIымкIэ, ар зыкъэзыIэтахэм гъэр ящIакьым, Триполи зыIущIэлъри, япэми хуэдэу, Каддафи и дзэращ.

- Триполи унафэ щыIыщIыр дэращ, ар псоми ящIэну сыхуейщ, - жжриIащ журналистхэм Сейф аль-Ислъам.

А хьыбарым нэхъ гурыIуэгъуеижь еIщI нобэ Ливием кьыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр. Каддафи и кьуэ нэхьыжь Мухьэмэд зыкъэзыIэтахэм я быдат, ауэ «Аль-Джазирэ» телеканалым кьыIэрытымкIэ, абы кьехъулIащ кьыщIэпхьуэжу и адэм дежкIэ кьэкIуэжыну.

Пэж дапщэ щыIэ?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ IэнатIэм кьыIэрытымкIэ, Ливием и унафэщI Каддафи Муаммар и Iуэхуэхэр хьарыIэщ, ар Триполи щыIэщ.

Абы и щыхьэту дыгъуасэ «Аль-Арабия» телеканалымкIэ кьэпсэльащ Каддафи и кьуэ, зыкъэзыIэтахэм я зэман кIыхьым кьурыбыдэу хэкIуащ щIыхуэ жьыуаIа Сейф аль-Ислъам. КьыIэрыщIэкIымкIэ, ар зыкъэзыIэтахэм гъэр ящIакьым, Триполи зыIущIэлъри, япэми хуэдэу, Каддафи и дзэращ.

- Триполи унафэ щыIыщIыр дэращ, ар псоми ящIэну сыхуейщ, - жжриIащ журналистхэм Сейф аль-Ислъам.

А хьыбарым нэхъ гурыIуэгъуеижь еIщI нобэ Ливием кьыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр. Каддафи и кьуэ нэхьыжь Мухьэмэд зыкъэзыIэтахэм я быдат, ауэ «Аль-Джазирэ» телеканалым кьыIэрытымкIэ, абы кьехъулIащ кьыщIэпхьуэжу и адэм дежкIэ кьэкIуэжыну.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

ХамэIэр Iэгъэпсэху щхьэкIэ, гугъэпсэхукъым.



♦ Украинэм и къэрал гуфIэгъуэр - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хуащ - щхьэхуитныгъэм и махуэр ягъэлъапIэ.

♦ Молдавиер щхьэхуит щыхьэжа махуэр щагъэлъапIэ махуэщ. 1944 гъэм щыщхьэIум и 23 - 24 жэщым Кишинев нэмыц1э фашистхэр дахужащ.

♦ 1830 гъэм дунейм екIужащ Къэбэрдей пщы уэлий хуэзу **Жанхъуэт Кушыку.**

♦ 1943 гъэм **Къардэн Къубатий** Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр кьыфIащащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьыIэрытымкIэ, нобэ Налшык пшэр тесхьэ-текIыну щыIэщ, хуабэу махуэм градус 23-рэ, жэщым - градус 15 щыIэнущ.

ПIалитэр зыгъэхьазыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Рэмэданым и кІэухым

Араши, нэщІ мазэ льапІэр и кІэм ноблагъэ. Абы ирихьэлІэу дэтхэнэ зы муслымэмми кыкъуокъуокІ кьалэн пыухыщІахэм фыхэдгъэгъуэзэну ноб3 яужь дитыщ.

ФЫІГЪУЭШХУЭ къехь уІлащ, насыпышхуи кьеуэлащ Рэмэдан мазэ льапІэм хнубыдэу екІуу махуэм нэщІ зыІыгъам, жэщым нэмэз зыщІам, псапэ кьыззрахь Іэмалхэм егугъуам. А псори цІыхум кьезыгъэхьулІэжыр Ислахьталэ Закъуэращи, абы фыщІэ хуэщІын хуейщ. Дляжьар кьабылу тІІхыну, тх уэзфІэмыкІамрэ щыуагъэу тІэщІэкІамрэ кьытхуигъэгъуну дельэупхьэщ Тхьэшхуэм.

Нобэ хуэдэ махуэхэм мусльымэныр мэгуфІэ, ауэ абы дэрэжэгъуэ кьыэритыр нэщІыр зэрикІракъым, атІэ мазэ льапІэр кьыззриищыфраращ, ар и кІэм зэрынигъэсыфаращ, зыщІыгъэкІэ Алыхьыр кьыззрыхуэупсаращ.

ЩІэныгъэлІхэм жаІэ: цыхум лэжьыигъэфІ зэфІигъэкІар кьабыл хьуарэ мыхьуарэ кьыззриищэфыну Іэмалхэм ящыщщ: япэм зэрыщытам нэхърэ нэхъыфІ хьуныр, псапэ нэхъыбэжу кьэсхьащэрэт жиІэ у, а гупсысэм зэрихуэныр. У ешупсысмэ, абы щэхуу хэльыр блэжьаврэ Алыхьым пІихамэ - уэ Кьыгщыхьэщытым и нэфІыр кьыпщыхуауэ аращ. Апхуэдэ цІыхухэм ехьэлІауэ хьэдис льапІэхэм кьыщокІуэ Алыхьталэм жиІэу: ***«Ар фІыуэ слъэгъуа нэужь - зэрыззхих сыхуохь у, зэрыплъи сыхуохь у, зэрыдэи сыхуохь, зэрызекІуи сыхуохьу...»*** (*Бухьарий*). Алыхьыр фІыуэ плъэгъуамэ, Езыми укьилъэгъуамэ, уи гур кІильэтыным хуэдэу дэрэжэгъуэ уиІэу, Абы и цІэр уи бзэгупэм темыкІыу , и арэзынигъэр кьыззрыбгъэжьыным ээшыгъуэ умыщІэу утелажьэ уохьу!

ГъащІэ къратам и купщІэ дыдэр кьызыгурыІуа муслымэным кьыгуроІуэ Рэмэдан мазэр гъащІэм и зы пычыгъуэ закъуэ нэхъыбэ зэрымыхьэр икІи нэщІыр ихамэ, льэмыжым икІаучи кьыщыхьэж зэрымыхьунур. Аль-Хьэсэн аль-Бэщрий щІэныгъэлІыщхэм жиІаш: «Муслымэным и лэжьыигъэм ухыпІэу Алыхьталэм хуищІар лІэныгъэ закъуэращ». Араши, нэщІым кьыхэпха гъэсэныгъэмкІэ кьыкІэлыкІуэ ильэсыр епхьэкІыну, абы кьыпхилъ хьакъурмкІэ гъуэгур хэбгъэщІыну яращ.

Нэщ1 ущисым зыми укьимылъагъуу ушхэфын пэтрэ ушхакъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, псори зыльагъу Кьыгщхьэщытым укьыззэрищІэр пщІэрти. НтІэ, апхуэдэу щрет уи гъащІэ псори: гуэныхь кьэпхьыну мурад щыпщІам деж зыми укьимылъагъуми Алыхьым укьыззэрищІэр зыщу мыгъэгъупщэ. У и псэр пытыхукІэ, убауэу дунейм утетыхукІэ ДыкьэзэгъэщІам и кьалэнхэр пщхьэщыкІыркым. Алыхьыр сыт щыгъуи кьыпхуэсакъыу , укьихуэм зу кьызэрыпщхьэщытым хуэдэу , уэри Абы фІыщІэ хуэпщІу мы пылъу кьалъитэри, яБзыщІмэ нэхъ кьащтэ). Кьэнэжыр ешэнэращ - мазиткІэ нэщІыжыныр щІ. Ари пхуэмыхьын Іужу - гъуэжьым, дунейм муслымэн куэдэ зэрытетыр кьэплъытэмэ, Алыхьыр фІыщІэу зэрилъагъэм кьыхьэІыу зэрыІнэщІым хуеймэ мазищ щІрагъэгъуэ.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, щхьэусыгъэуэншэу и нэщІыр блигъэкІауэ кьелытэ з цІыхум кьемыуэІау э е гъу эІу темыту, ауэ сытми «нобэ сыхэщхэнщи, зыгъэпсэхунщ» жиІэу зыщыхьыжамэ е нэщІыр зыхуимыгъэшэчыфамэ, хьэмэ махуэм лІыгъэу-фызыгъуэ зэрихьамэ.

Муслымэн дниныр хьэкъыу зи фІэщ хьум апхуэдэ щхьэусыгъуэхэр нщІынуксьым, Абы зыщиІгъэгъупщэнукъым Алыхьталэм и лІыкІуэм жиІар: «Нэщ1 мазэр, ищІэн псори зэрыщытын хуеймэ хуэдэу тэмэму езыхьэкІ дэтхэнэ зыми, мазэ 1000-м пэкІэн псапэ Алыхьым хуищІынущ». Мухьэмэд бегъымбарым и нэгъуэщІ зы хьэдиси щыІэщ: «Кьемэт махуэм Алыхьталэм и мелыІычхэм зжриІэнуц: «Дунейм щынэщІахэр нобэ я кхъащхэ-хэм псы хуэпІэу, я жалІэу кьотэджыкІыж. Абыхэм жэнэтым кьифхи зыхи, псы нэхъ гурыхь дыдэхэр кьахуэфхь!».

Нэщ1 мазэм муслымэнхэм я гупсысэхэр нэхьыбэу зэхьлІауэ щыІэм хуейр кьабгъэдэжІыну я кьалтэрращ. Абыхэм ар ягъэлъапІэ, я гуэныхьыр кьахуигъэгъэуну йолъэу. Кьеджэфхэм Рэмэдан мазэм кьриубыдэу КьурІэныр зэрращыту ядж. Нэщ1ым и иужьрей махуэхэр мэжджытым щагъакІуэ.

Рэмэдан мазэм и 27-нэ жэщращ ***къэдэр жэщыр (лейлатуль кадр)***икІи ар псом нэхъ-рэ нэхъ льапІэщ. Мы гъэм ар хуоэз щыщхьэум и 26-мрэ 27-мрэ (мэремымрэ щэбэтымрэ) щыхэбгъэІым. А жэщым Мухьэмэд бегъымбарым КьурІэным и япэ Іэятхэр кьыІэрыхьащ, Алыхьым кьыбгъэдэкІри. «Льэщыгъэм и жэщыр мазэ минхэм нэхърэ нэхъ льапІэщ! Алыхьым и фІыгъэкІэ мелыІычхэмрэ Джэбрэйлрэ дунейм кьытохьэ, унафэ ящІыну» (97-нэ сурэ). Кьэдэр жэщым дэтхэнэ зы цІыхуми адэжь кьиригъэщІэнум теухуауэ, абы нэмэз ищІа иужькІэ, зыщІэлъэІуакъэмрэ дыУэхэмрэ елытауэ, Алыхьталэм унафрэ хуещІ. А жэщым умыжеІну? Іхьэ уельэІуми, нэмэз щІыми, КьурІэн уеджэмэ нэхьыфІщ.

Хьид махуэшхуэрльапІэщ, нэщІыр езыхьэкІа дэтхэнэ зы мусльымэным дежкІи. ЗыщыІэныгъэмрэ зыгъэмэжсІэныгъэмрэ еухри, сытым дежи ущышхэ, псы ущефэ хьуну зэманыр кьос. Абы щыгъуэми муслымэнхэм зыщагъэгъупщэн хуейкъым Іэмал зимыІэ нэгъуэщІ зы Іэхуигъуэ - бытыр сэдэкъэр. Ар зыхуэзэфІэкІ дэтхэнэ зы унагъуэми кьулейсызхэм тыгъэ щахуищІыпхъэ пІалъэращ икІи нэщІым и иужьрей махуэхэм ящидым ипэ кьихуэу я т. Бытырыр кьабгъэдэжІыну я кьалтэрращ. Абыхэм ар ягъэлъапІэ, я гуэныхьыр кьахуигъэгъэуну йолъэу. Кьеджэфхэм Рэмэдан мазэм кьриубыдэу КьурІэныр зэрращыту ядж.

Пасэрей зэманым бытыру цІыхух кьэ итыну гуэдз килограмм щырыщ хуэдиз хьун къалъысу щытащ. Абы и фІыгъэкІэ кьулейсызхэм ильэс псом зыхурикъун щхьнкІэ зэхуахьэсырт. КІуэ пэтми ар ахьшэкІэ зэрахьуэкІыжу щІадзащ икІи абы и куэдагъэ зытращІыхьыр гуэдзым бззэрым щичэсэращ. ***Мы гъэм бытырыр цІыху къэс хуэзэу тумэнитху мэхъу. Апхуэдиз дыдэщ махуэ къэс хуэзэу щхьэщатыкІынур зи уэзнщагъэм кьимытІасэу мынэщІыфахэми, нужькІэ ар яп-щынужыкІфыну я кьарум кьимыгъэгугъэмэ.*** Ахьшэ нэхьыбэ е ептыхукІэ, дауи, нэхь псапэкщ. Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «НэщІыр щІылъымрэ уафэмрэ я зэхуакум дзлъщ, Алыхьым и пщылІым бытырыр итыху». А псалъэхэм яужькІэ бытыр сэдэкъэр фарзу (Іэмал имыІу гъэзэщІэн хуейуэ) кьэлъытапхъщ.

Хьидым и зрэ пщэдджжьым муслымэнхэр, пщэдджьжьыщхэм и пэ кьиуэу, мэжджытым макІуэри Іимамым и ГъусэУ нэмэз льапІэ ящІ, нэщІым теухуа уаз йодаІэу.

Унагъ уэ кьэс шхыныгъ уэ Іэфхэр, гурыхьэр щапщэфІ, нэхьыщІэхэр кІуэурэ нэхьыжьхэм, йо хуэхэу, я нэщІыр кьабыл хь уну, узынщагъэ яІэну. Нэщ1кІыж Хьидыр махуищІкІэ йокІуэжІ.

Рэмэданыр икІамэ, хьэж щІыным и мазэхэр кьихьауэ араш, ари зы Іэмалщ псапэ кьрипхьыну, уи Тхьэм гъунэгъу зрикъэпщІыну. Араши, ди хьер зыхэлъым ди Іэр лъэІэсу, Іиман дбгъэдзэлъу икІи дыузынщэу етІанэгъэ пІалъэ Алыхьым дынигъэс!


● Махуэшхуэр

Нэщ1кІыж Хьид нэмэзыр цІыху минхэм эздащІ.

ЩІалэгъуалэм егъэпІетей

● ЗэІущІэхэр

КьытщІэхьуэ щІэблэр гъэсэным хуэфэщэн гулъытэ хэха щыхущІ Лэскэн куейм. Араш зытеухуауэ щытар иджыблагъэ абы щекІуэкІа зэІущІэри.

МЭРЕМ нэмэзыр зэфІэкІа иужькІэ, Анзорей кьуажэм и мэжджытым ирагъэблэгъат Лэскэн РОВД-м и унафэщІ Хьымбэзэр Рэмэзан, куейм и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Бэшорэ Аслъэн. ЗэІущІэм кьрихьэлІат Кьэбэрдей-Балъкъэрым и муслымэнхэм я дин Іэхуущ1апІэм и муфтиим и къуэдзэ Сыжажэ Алим, Лэскэн куейм и раис-Іимам Кьунаш Заурбий, «Урысей зэкъуэ» политикэ партым и щІыпІэ кьудамэм и Іэтащхьэ Щэныбэ Хьэжысмел, егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и райкомым и тхьэмадэ Молэмусэ Хьэсэтэ, кьуажэхэм я Іимамхэр, мэрем нэмэзым кьрихьэлІахэр.

- Дэ гъащІэ зэІуымбзым дыщопсэу икІи районым и унафэщІхэм, дин лэжьакІуэхэм, щытыкІэр ебгъэфІэкІуэжыну хущІэкъу дэтхэнэми икІащІыпІэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэ куэд кьыстпэщылъщ, - щыжиІащ зэхуэсым и пэублэ псалъэу зэІущІэр кьызэзыгъэпэщахэм ящыщ зы, Лэскэн куейм и администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Бажэ Дотий. - Нобэрей мыхъумыщІагъэ куэдыр язныкьуэхэм диным трапхъэ, пэжри пцІыри зэхамыгъэкІыу, икІи ар кьеззгъэныкІэ Іэмал иІэжьым. Абы кьыхэкІыу муслымэныгъэм цІыхур фІым фІэкІэ зэрыхуимыщІир, ар пэжу зезыхьэр цІыху щыпкъэу зэрыщытыр нэхъ жыджэру псоми кьагурыгъэІэн хуейщ. Ди щІалэгъуалэр дедгъэхьэх хьунукъым дин нэпцІымрэ мыпкъу хьэрэмымрэ.

Апхуэдэу ежьа псалъэмакъым пащэу утыкум кьихьахэщ Анзорей кьуажэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Табыхьу Уардэщыкъуэрэ Іимам Мэкъуауэ Алёшэрэ, Ерокъуэрэ Урыхуэрэ кьикІа дин лэжьакІуэхэу Ацкъан Мулидрэ Ержыб Мухьэмэдрэ, егъэджакІуэ Дзунэж Хьэжмурат сымэ, нэгъэщІэхэри. Абыхэм кьыхагъэщащ ди лъэпкъ мащІэр дызэпэщІэувэж зэрымыхьунур, дызэгурыІуэрэ дызэдэІуэжу мамыру дызэдэпсэун зэрыхуейр.

● Махуэшхуэр

Нэщ1кІыж Хьид нэмэзыр цІыху минхэм эздащІ.

● Усыгъэ

Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр

Шэрхъ гудзэншэу
дунеижь абрагъуэр
Зи Іэмырым
къыдекІэрэхъуэкІ,
Хабзэ пхэнжхэу мы ди
гъащІэр мыгъуэ
КьытщызыщІхэр щІым
щытхузэхъуэкІ.

Зи гущІэгъур ин!
Дунейм и шхуэІур
Залымыгъэм
кьытхуІэщІэгъэкІ.
Нэмысыншхэм цІыху
гъэсам и нэкІур
ЩІихулыкІыу хуумыдэ
афІэкІ.

Хейм и фащэр мысэм
щебгъэтІагъэу,
ЩІэпхъаджащІэм
хуумыгъэхъу уэчыл.
ИумыгъэщІ пэжщІэкъур
щІэнэкІалъэ,
Былымаблэм и нэгур
гъэджыл.

ЦІыху щэджащэм дзы
кьыхуебгъэлъыхъуэу,
Іимансызыр щихъыу
умыгъэІу.
АкъылыфІэр, и щхьэр
игъэлъаухьшэу,
Тумыгъэт ахьмакъэжэм
я бжэщхьэІу.

КьыумыгъэкІ и кІэныр
нэжэсыгъэм,
ЩІым делагъэм
зыщумыгъэубгъу.
ДжэдыгуибгъкІэ зы лІым
хууэупсэу,
Кьыумыгъанэ
джэдыгуншэу лІибгъу.

Уи гулъытэ хэбну
зыхуэфащэр,
Джэгу щІыхьыншэм
ирумыгъащІэкІ.
Зи щІалэгъуэу
зи хьыхьэгъуэр гъащІэм
Ем и жьапщэм
ирумыгъащІыкІ.

...ЩкІуэкІ псори ди
щІыгушхуэм пльаГъуу,
ЕпхьэкІар уэ мыилъэс
мелуан,
«А уи лъэІухэм хэльъкъым
зы щІэщыгъуэ», -
КьысхужьыпІэу,
сыкъыумыщІ ауан.

Ди щхьэщыгум дыгъэр
кьызыІыгъэу,
Зи Іэмыркіэ щІыр
кьекІэрэхъуэкІ,
Пэлъэщауэ е - бзаджэм
щІыхугъэр
ЩІы хъурейр зэгуэрым
нэху кьегъэкІ.
МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ.

● ХъыбарегъащІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди хэкуэгъухэ!

Нэщ1кІыж Хьид махуэшхуэм и щыхькІэ екІуэкІыну шыгъажэм фыдогъэблагъэ. Зигугъэ зи щхьэрэ зэтелъу зи шыгъэ-лІыгъэм щыгугъуи фокІадэм и 4-м сыхьэтти 10-м Кьуэнхьэблэ (Кьулькъужьи Ищхьэрэ) кьуажэкІэм фынекІуалІэ.

Жэрдэмщ1ак1уэ гупым и тел.: 8-928-704-64-77, 8-963-168-82-30

НашэКІуэщІр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

● УпщІэ - жэуап

- **«Алыхьым щхьэкІэ», жиІэу щІыхур кьолъэІуамэ, ар сыт хуэдэ гъэІуми Іэмал имыІэу, хуэпщІэн хуей хьэмэрэ бгъэщІэхъу хьуну?**

«Алыхьым щхьэкІэ», жиІэу кьолъэІуамэ

- УльэІуэныр езыр, кьапщтэмэ, фІыкъым (мэкрухьщ) икІи цІыхур хуэмынкьуэмэ, зыми щІелъэІун щыІэкъым. Мис абы кьыхэкІыу бегъымбар лъапІэм и гъусэхэм (щэхабэхэм) кьахуигъэувахэм ящыщт: цІыхухэм зыкІи емылъэІуну. Езы щэхьабэхэри псалъэ ятам апхуэдизкІэ ткІийуэ тетти, уеблэмэ языхэзыр махъшэм тесу и щІопщыр кьыІэпыщІэхуамэ, зы цІыхум зыхуигъазэу «кьыдэтыжьит» жраІэртэкъым, атІэ езыр кьеХьртти кьищтэжьыт.

Уегупсысми, гурыІуэгъуэщ ар: уи щхьэм пщІэ хуэпщІыжмэ, цІыхухэм уелъэІуурэ зумыгъэпудыжмэ - уэри нэхъ пщІэ кьыпхуащІынущ икІи зыгуэрми зыхуэбгъэлъэхъэщІэ жьи хуэмейуэ укъэхъуми хьуунущ. Зыгуэрым зыхуэбгъэлъэхъщауэ щытмэ, ар уэ зы махуэ гуэрым кьыпхуэныкъуэжьыкІэ хьунущ, а кьызэрыпхуэныкъуэжар уэ абы хуэпщІэну ухуэмеІуэ. Ауэ уэ езыр ящэм узэрелъэІуам папщІэ иджы удэІэпыкъужьи хуейуэ кьыпхукьокІ. Абы папщІэ бегъымбар лъапІэм жиІауэ кьаІуэтэжхэм ящыщщ мыр: «ЦІыхухэм яІэщІэ-лъым ухуэмыныкъуэмэ, фІыуэ укъалъагъунущ». Аращи, ульэІуэнр мэжрухьщ е хьэрэмщ абы хуабжьу ухуэныкъуэу щымытмэ.

Псалъэм папщІэ, Іэмалынышагъэу щымытмэ, зыгуэрым мылькукІэ уелъэІуныр хьэрэмщ. Бегъымбар лъапІэм жиІауэ щыІэщ: - «ЦІыхум и лъэІуэныр кьигъэнэкъым и нэкІум лы Іыхьэ имылъыжу Кьемэт махуэм екІуэлІэжьыху». Мис абы кьегъэльагъэу Іэмалынышагъэ щымыІэмэ ульэІуэныр зэрыхьэрэмыр.

Мыдрейуэ зыгуэрым хьэтыр нІэмкІэ щІэгъэкъуэн пщІыну уелъэІуныр е кьарукІэ кьыбдэІэпыкъну зыхуэбгъэзэнныр мэкрухьщ, ухуэмныкъуэу щытмэ.

Уэ езыр зыгуэр кьолъэІуэ нэужь зэрыпщІынур Іыхьитl пхунщІыкІынущ:

Япэр, нэгъуэщІ псалъэ кьыпимыгъэувэу зыгуэр кьолъэІун, псалъэм папщІэ: «Мыр, мор кьызэт», жиІэу. Апхуэдэм деж ар кьызэрольэІуар диным игъэдгъуэсу щытмэ, ептынщ. Псалъэм папщІэ, факъыпрэр сэджьытым щыщ ептыну зыкъыпхуигъэзамэ.

ЕтІуанэр, «Алыхьым и хьэтІыркІэ», «Алыхьым щхьэкІэ» жиІэу кьолъэІуамэ - абы хуэпщІэнущ, хуэмыфащэу щытми, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, хьэтырыщхуэ зиІэмкІэ кьолъэІуауэ ар. Ѳри абы ущыпэдджжкІэ, а хьэтырыщхуэ зиІэм пщІащхуэ хуэпщІа уохьу (адрейм и деж удэІэпыкъуауэ аращ). Бегъымбар лъапІэми жиІащ: «Алыхьым щхьэкІэ лъэІуам хуэфащІэ...». Ауэ кьызэрольэІуам гуэныхь пылъмэ е ар хуэпщІэмэ уэ езым уи щхьэ и зэран екІыжьынущ - щыхуэпщІэн щыІэкъым. Псалъэм папщІэ, фадэ кьищохун щхьэкІэ ахьшэ пІихьну, «Алыхь», «билыхь», жиІэуурэ кьолъэІуамэ. Е уи щэху гуэр унгъэІуэтэну «Алыхьым щхьэкІэ кьызжеІэ», жиІамэ. Апхуэдэхэр кьызэрольэІур щІыхуэпщІэн щыІэкъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, фадэ кьэзыщхунут и уасэр епгъэ, абы гуэныхь пщІэнэмкІэ удэІэпыкъуэ хьунущ, уи щохур зыхуэпІуэтами и зэран кьокІыжьынри Іуэхум хэтщ.

Шенхъ ибн ГЪУСЕЙМИН и «Мэджмугъ Іэл-фэтауэ уэр-рэсайиІ» тхыдыным кьытхыжащ.

● Хьэдэмэтщ

Шхыным и уасэр

Ибрахьим бегъымбарым и деж Алыхьым и лІыкІуэ мелыІычхэр кьыщыхуэкІуам, шхын яхутригъэувати, «И уасэр щІэдыту дышэрэкъым», кьыжраІащ.

Ибрахьим кьэпсалъэри:

- Фышхэ, и уасэри щІэфтынщ, - жиІащ.

- Сыт и уасэр? - щІэупщІащ мелыІычхэр.

- Шхэн щІэвмыдзэ щыкІэ «бисмиллахьи» жыІэнщ. Фи щхэнэр зэрэкІмэ, «Іэл-хьэмду лиллахьи», кьыщІыбгъэнщи, фІыщІэ Тхьэм хуэфащІы-жынщ. Мис аращ абы и уасэр, - кьажриІащ Ибрэхьим.

Ар щыэхэхьым, мелыІычхэр, зэхахар ягъэщІагъэуэу, зыр адрейм еплъыжащ икІи жаІащ:

- Мис аращ уэ Алыхьым апхуэдизу фІыуэ укъыщІилъэгъуар!

Фи псапэхэр фымыгъэкІуэдыж

Зы лІы гуэр Хьэсэн Бэщрийм кьоупщІ:

- Уэ укъысхуэпсалъэу зэхэсхащи, пэж?

- Уэр щхьэкІэ си псапэхэр згъэкІуэдыжыну пхуэфащэ? - кьыжриІэжащ абы Хьэсэн.

• Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэжджытхэр

Бахъсэн къалэ.

ФокІадэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэжэр	Пыздджы-жьыр	Дыгъэр къыпІо-щІэкІыр	Щэдка-гъуэр	Ичын-дыр	Ахьшэ-мыр	Жасыр
1, махуэку	4.58	6.28	13.16	16.59	19.42	21.22
2, мэрем	5.00	6.30	13.16	16.58	19.40	21.20
3, щэбэт	5.01	6.31	13.15	16.57	19.39	21.19
4, тхьэмахуэ	5.02	6.32	13.15	16.56	19.37	21.17
5, блыщхьэ	5.03	6.33	13.15	16.55	19.35	21.15
6, гъубж	5.04	6.34	13.15	16.54	19.33	21.13
7, бэрэжьей	5.05	6.35	13.14	16.52	19.32	21.12
8, махуэку	5.06	6.36	13.14	16.51	19.30	21.10
9, мэрем	5.07	6.37	13.13	16.50	19.28	21.08
10, щэбэт	5.08	6.38	13.13	16.49	19.26	21.06
11, тхьэмахуэ	5.10	6.40	13.13	16.48	19.24	21.04
12, блыщхьэ	5.11	6.41	13.12	16.47	19.23	21.03
13, гъубж	5.12	6.42	13.12	16.46	19.21	21.01
14, бэрэжьей	5.13	6.43	13.12	16.44	19.19	20.59
15, махуэку	5.14	6.44	13.11	16.43	19.17	20.57
16, мэрем	5.15	6.45	13.11	16.42	19.15	20.55
17, щэбэт	5.16	6.46	13.11	16.41	19.13	20.53
18, тхьэмахуэ	5.17	6.47	13.10	16.39	19.12	20.52
19, блыщхьэ	5.19	6.49	13.10	16.38	19.10	20.50
20, гъубж	5.20	6.50	13.10	16.37	19.08	20.48
21, бэрэжьей	5.21	6.51	13.09	16.36	19.06	20.46
22, махуэку	5.22	6.52	13.09	16.34	19.04	20.44
23, мэрем	5.23	6.53	13.09	16.33	19.02	20.42
24, щэбэт	5.24	6.54	13.08	16.32	19.00	20.40
25, тхьэмахуэ	5.25	6.55	13.08	16.31	18.59	20.39
26, блыщхьэ	5.27	6.57	13.07	16.29	18.57	20.37
27, гъубж	5.28	6.58	13.07	16.28	18.55	20.35
28, бэрэжьей	5.29	6.59	13.07	16.27	18.53	20.33
29, махуэку	5.30	7.00	13.06	16.25	18.51	20.31
30, мэрем	5.31	7.01	13.06	16.24	18.50	20.30

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МуслымэнхэмяГъужущІапІэм къыдигащ.

Профессор, ЩІДАА-м и академик Бацэжь Мухьэмэд-Хьер.

●Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Мысырыр тыркухэм я тепщэныгъэ лъэхъэнэм

Бацэжь Мухьэмэд-Хьер итха «Адыгэ тхыдэм и энциклопедием» щыщ пычыгъуэхэр

ТЫРКУ сультІан Сэлим Езанэм (Шынагъуэм) 1517 гъэм Каир кьищтэу адыгэ мамлюкхэм (бурджитхэм) я иужьрей пащтыкыр щхьэпыилъэ ищІа нэужь, Египетым и унафэр тыркухэм кьахъэнащ. Бурджит кьэралыгъуэм и унафэщІу щыта адыгэхэр, псом хуэмыдэу нэхъ тКІийуэ тыркухэм я унафэр игъэбыда нэужь, адыгэхэм дахэ закъыхуищыжри, я тхъэмадэхэр зришэлІэжу щІидзащ. Арати, Мысырыр Іыхьэ 24-уэ игуэшри, вилайет кьэс зы адыгэ тхъэмадэ игъэуващ. ИкІи, кьэралым и зэхэлыкІэу щытынум тещІыхьауэ, абыхэм щыІэну къулыкъуэхэр кьигъэнэхуащ:

Льаэхм и шейхъ - премьер-министрым ещхьт.

Кихьыя - Тырку уэлийм и кІуэдзэт.

Дэфтэрдар - ахъшэ Іуэхуэхэр зэригъакІуэрт.

Рузнамджи - налог Іуэхуэхэмрэ щы Іуэхуэхэмрэ я унафэщІт.

Хъэжьщ кІуэхэм я амир - Хьэжьщ Іэхэм я Іуэхур зэрагъэзахуэр т, Мэчэм нэсыху яхьу мэрт, кьашэжьрт.

Хъазындар - налог ахъшэр ильэсым зэ Истамбул ишэрт.

Кьэбуданхэр (капитанхэр) - хы Іуфэм Іут кьалэхэм я унафэщІт.

Кьэтэхьуа - кхъухьхэмрэ кхъухь тедзапІэхэмрэ я унафэщІт.

Мыхэр зыгъэувыр тырку сультІан дыдэрэт. Адрей къулыкъущІэхэр тырку уэлийуэ Мысырым щыІэм игъэувырт.

Тырку м игъэува мысыр у элийм Льаэхм и шейхъым унафэ хуищыкрт икІи унафэр зэригъэзащІэм кІэльыпІльырт. И нжьыбитІым у элийр адыгэт, ау э абы тыркуддэхэм я унафэщІу Мысырым щыІэхэр къыкІэльыпІльырт. Апхуэдэ тыркудэхэр хыуэ зэущхьэщидзырт, «уджакъ» цІэр эрахьэу.

ЗэмылІэужьыгъуэхэр. Шу 1000 - 2000 хуэдиз хьуэр т, уэлийм и хьэмакІуэхэр зэрэ хэту.

Хьэзэбхэр - льэс зэуакІуэхэт, зауэлІ 3000 - 4000 хуэдиз хьуэ.

Исбахьие хэр - шу удэт, 3000 хуэдиз хьуэ.

Шаушиехэр - льэс зауэлІхэт, 1000-м нэблагъэ.

Инкишариехэр - я хэщІапІэр Каир быдапІэрт, я унафэщІым тетыгъу эшхуэ иІэт, у элийм и унафэм щІэтт экъым.

Шэрджэ уджакъ. Сулейман Ал-Кьануний и зэманым зэхашауэ, зи унафэщІхэри зауэлІхэри адыгэ защІэ шу гупт.

Мы гупихым я унафэщІхэр зэІущІэрти, арат чэнджэщэгъуэхэм я мэджлис (парламент) хьуэжьр, мыхэр тхъэмахуэм тІэ у зэхуэ эсырт. Абыхэм емыупщІу уэлийм унафэ ищІыфынутэкъым, абыхэм я унафэрат къэрал унафэ хуэжьыр.

Тырку уэлийм кьыкІэ лыыкІуэу Мысырым иІа унафэщІхэм адыгэ куэд яхэтащ. Нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщт Синанпэщэр, Шэрджэс Искандерпэщэр. Синан-пэщэм Меменыр кьищтауэ щытащ. Искандер-пэщэр гущІэгъущхуэ зыхэлъ щыхуэт, зыхуэзфІэмыкІхэм налог кьаІихьэртэкъым, щЭныгьэмрэ щЭныгъэлІхэмрэ пщІэшхуэ яхуищІырт ерджакІуэ хэм ядэІэпыкъурт. ИкІи щытыкІэр дахэу зэтриІыгъуэ, кьэралыр зыхуэ хуигъаззэу, льаэхм тепльэ екІу иІэу зэрихьащ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэу зэфІигъэкІахэм ящыщыт Александрие кІэнауэр щЭрыщІэу кьыззэрыригъэтІыжкар. Апхуэдэу абы мэджкитхэр игъэщІэрэщІжащ, ерджапІэщ, хьэмэм зыбжанэ кьызэІуихащ. Каир кьалэм, Булакъ дэж уэрамыщІэ, сату щапІэхэр щищІащ. Абы ригъэхуэ мэджкитым нобэр кьыздэсым «Шэрджэс мэджкыт» цІэр зэрехьэ.

Мысырым щыщ адыгэ тхыдэтх Рушдий Расым зэрыкиІэмкІэ, тырку сультІан Селим ЕтІуанэм зэтригъэува кьэрал гъэпсыкІэм кІэд ихьакъым. Тыркудзэ кьу дамэхэм я тхъэмадэхэм зэрыщыхьыу щыщІадзэм, ар адыгэ пэщэхэм кьагъэсэбэпщ, хуэмурэ унафэр зыІэщІалъхьэжри, тырку уэлийм І и щІэдзын фІэкІа нэгъуэщІ унафэ имыщІыжу, къэралыр зэрахьэу утыкур яубыдыжащ.

XVII лІэщІыкІыгъуэм и зэхуэдитхэм щегъэжьауэ, Льаэхм и шейхъым кьыхуэнат Мысырым и унафэ псори. Абы щыхуэйм дежь тырку уэлийр тригъэкІыф хъ уат, гугъу дэмыхъу. Хьэрыщ щІэныгъэлІ Зидан Джирджий зэрэтхьжымкІэ, Льаэхм и шейхъым рэ абы и дамэщІэтхэмрэ я гур тырку пэщэм ебгъэмэ, зэІущІэшхуэ ящІырти, унафэ кьащтэрт. А унафэр тхау э Іутэпашийм (пощтэхьэм) иратырт, пэщэм хуитхыну. Тхьылъыр иІыгъыу, шыдым тесу ар пэщэм деж кІуэрт (хабзэм хуит ищІыртэкъым шы е къыдыр тетІысхьэну). Пощтэхьэр быдапІэм зэрыдыхьэу пэщэм и деж щЫхьэрти, льэгъажьэмыщхьэу щысу щхьэщэ хуищІыр т. Ауэ кьыззэрыдзэкІэ зэрыгъэувэжу зытеса адырыбгур занщІэу кьыззэщІкъуэрти, и макъым кьыззэрихьу кІийрт: «Пэщэ, кьех!» Абдежым щыщІэдзауэ пэщэм и къулыкъур фІэкІуэдыртри, кьыхуащІыр и унафэу кьанэрт. Апхуэдэу къулыкъур зыфІэкІуэда пэщэр, сыхьэт 24-рэ нэхъыбэ быдапІэм дэмысыжу кьыдзэкІырти, Булакъ кІуэр т, Истамбыл кьинкІыну унафэм пэпльэу, Тырку сультІаным адыгэ тхъэмадэхэм я унафэщІу Мысырым щыІэхэр кьыкІэльыпІльырт. Апхуэдэ тыркудзэхэр хыуэ зэущхьэщидзырт, «уджакъ» цІэр эрахьэу.

ЗэмылІэужьыгъуэхэр. Шу 1000 - 2000 хуэдиз хьуэр т, уэлийм и хьэмакІуэхэр зэрэ хэту.

Хьэзэбхэр - льэс зэуакІуэхэт, зауэлІ 3000 - 4000 хуэдиз хьуэ.

Исбахьие хэр - шу удэт, 3000 хуэдиз хьуэ.

Шаушиехэр - льэс зауэлІхэт, 1000-м нэблагъэ.

Инкишариехэр - я хэщІапІэр Каир быдапІэрт, я унафэщІым тетыгъу эшхуэ иІэт, у элийм и унафэм щІэтт экъым.

Шэрджэ уджакъ. Сулейман Ал-Кьануний и зэманым зэхашауэ, зи унафэщІхэри зауэлІхэри адыгэ защІэ шу гупт.

Мы гупихым я унафэщІхэр зэІущІэрти, арат чэнджэщэгъуэхэм я мэджлис (парламент) хьуэжьр, мыхэр тхъэмахуэм тІэ у зэхуэ эсырт. Абыхэм емыупщІу уэлийм унафэ ищІыфынутэкъым, абыхэм я унафэрат къэрал унафэ хуэжьыр.

Тырку уэлийм кьыкІэ лыыкІуэу Мысырым иІа унафэщІхэм адыгэ куэд яхэтащ. Нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщт Синанпэщэр, Шэрджэс Искандерпэщэр. Синан-пэщэм Меменыр кьищтауэ щытащ. Искандер-пэщэр гущІэгъущхуэ зыхэлъ щыхуэт, зыхуэзфІэмыкІхэм налог кьаІихьэртэкъым, щЭныгьэмрэ щЭныгъэлІхэмрэ пщІэшхуэ яхуищІырт еджакІуэ хэм ядэІэпыкъурт. ИкІи щытыкІэр дахэу зэтриІыгъуэ, кьэралыр зыхуэ хуигъаззэу, льаэхм тепльэ екІу иІэу зэрихьащ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэу зэфІигъэкІахэм ящыщыт Александрие кІэнауэр щЭрыщІэу кьыззэрыригъэтІыжкар. Апхуэдэу абы мэджкитхэр игъэщІэрэщІжащ, ерджапІэщ, хьэмэм зыбжанэ кьызэІуихащ. Каир кьалэм, Булакъ дэж уэрамыщІэ, сату щапІэхэр щищІащ. Абы ригъэхуэ мэджкитым нобэр кьыздэсым «Шэрджэс мэджкыт» цІэр зэрехьэ.

Мысырым щыщ адыгэ тхыдэтх Рушдий Расым зэрыкиІэмкІэ, тырку сультІан Селим ЕтІуанэм зэтригъэува кьэрал гъэпсыкІэм кІэд ихьакъым. Тыркудзэ кьу дамэхэм я тхъэмадэхэм зэрыщыхьыу щыщІадзэм, ар адыгэ пэщэхэм кьагъэсэбэпщ, хуэмурэ унафэр зыІэщІалъхьэжри, тырку уэлийм І и щІэдзын фІэкІа нэгъуэщІ унафэ имыщІыжу, тыркухэр щытепща льэхъэнэм Мысырым и Іуэхуэхэр зэІызыгъэхэр адыгэхэрауэ. Арщхьэкіэ Мысырым и щхьэхуитныгъэр зэрыфІэкІуэду и Іуэхур екІакІуэ щІидзат, псом хуэмыдэу Іэщ Іагъэлъэсу ирыр, хьугъуэфІыгъуэу яІэр Истамбыл яша нэужь.

Адыгэ пащтыкъхэм я льэхъэнэм и тхыдэр зытхыжа Ибн Іиас зэрыжиІэмкІэ, тырку сультІану «хьалиф» цІэр зыфІэсэщыжа Сэлим Езанэм Истамбыл здишауэ щытащ Египетым Іэщ Іагъэу ильа псомкІэ Іэщ ІагъэлІ нэхъыщхьэхэр, ГъуэзджэмІ и лэжьакІуэхэр, икІи а псори тыркум щагъэлажьащ. ЗэрыжаІэмкІэ, муслымэнхэм я хьалиф хъуа Сэлим Езанэм Мысырым щызэщІикъуа хьуГъуэфІыгъуэхэр махъшэ минкІэ ишат. Дыщэрэ дыжьынхэмрэ нэмыщІи, хьалифым ишат и нэм кьыфІэнэу а льэхъэнэм Мысырым иІа льэхэпщІыпхэм я нэхъыфІ дыдэхэр. А псом и щІыІужкІэ, тырку зауэлІхэм кьэнаф яхьунщІэжри, мысыр кьэралыр дэхуэжа хьуат, ильэсищэ бжыгъэ льандэрэ зызыужьа Іэщ Іагъэхэм щыщу щэ нЫкъуэ кІуэдыжыпат.

Тхьыдэтхэм зэрыжаІэмкІэ, тырку хэм я тепщэныгъэ льэхъэнэми Мысырым адыгэ тхъэмадэшхуэхэр щыІэуэрэ екІуэкІащ, икІи абыхэм я фІыгъэкІэ, адыгэ пащтыкъхэм я льэхъэнэм эзтрагъэува цивилизацІэр хамыгъэкІуэджу зэтраІыгъащ. Апхуэдэурэ Мысырым и унафэр зэрахьэуэрэ кьэгъуэгурыкІуа адыгэпщхэм я тхыдэр Іыхьэитіу бгуэш хьуну кьалъытэ тхыдэтхэм.

Шэрджэс тхъэмадэхэр (1517 - 1775 гъэхэм)

ТЫРКУХЭМ Мысырыр яубыда нэужь, абы и япэ уэлийм у 1517 гъэм Сэлим Езанэм игъэувар Шэрджэс Хьер-Бэчъ, абы «пэщэ» цІэри кьыфІащат.

Льаэхм и шейхъ (премьер-министр) цІэр кьызыфащу, кьэралым и ЕтІуанэрей кьуІыкъуэу я япэу кьызыдыхьэса адыгэр Кьасым Иуаз-Бэчъ. Абы и ныбжьыр а льэхъэнэм ильэс 16 фІэкІа мыхъуми, ар мысыр адыгэхэм я парт нэхъ ин дыдэ «Кьасмием» и тхъэмадэт (а зэманым тхъэмадэхэм щІэнт). Шейхъым щІэр зэрыныбжьыщІэм емылЫытаэу, щІэныгъэлІ Ал-Джиртиттй зэритхьжьмкІэ, и тепщэгъуэр насыпыфІэу, цыкъухэр кьыкъэрэзыу ирихьжІащ, щынагъуэнщагъэ фІыуэ зэтриІыгъащ, Шейхъым щІэр зэрыныбжьыщІэм емылЫытаэу, щІэныгъэлІ Ал-Джиртиттй зэритхьжьмкІэ, и тепщэгъуэр насыпыфІэу, цыкъухэр кьыкъэрэзыу ирихьжІащ, щынагъуэнщагъэ фІыуэ зэтриІыгъащ, ГъуэгуІхэм цІыкъухэр щызыхъунщІэхэр игъэкІуэдащ. АкъыльфІэт, гулыгъшхуэ з хэпльт, политик Іэ ззэти, цІыкъухэр Іуэхуэхэри псынщІэу кьыгурыІуэрт. Абы Іуэхуэхэр зэрыгъэкІахэм, ящыщ зыщ Ал-Іэзхьэр мэжджит цІэрыІуэм и унащхьэ жьы хуэар кьытрихьу щІэрыщІэу зэрыртрилъхьэжар. Абы нэмыщІкІи, щІэуэ мэжджититІ, ДусуКъурэ Мэлиджрэ щригъэщІащ. Иуаз-Бэчъ фІы щІэнар, ящыщ зыщ Ал-Іэзхьэр мэжджит цІэрыІуэм и унащхьэ жьы хуэар кьытрихьу щІэрыщІэу зэрыртрилъхьэжар. Абы нэмыщІкІи, щІэуэ мэжджититІ, ДусуКъурэ Мэлиджрэ щригъэщІащ. Иуаз-Бэчъ фІы щІэнар, тхъэмыщІкІэхэм кІэльыпІльыныр и гуапэти, цыкъу псоми фІыуэ кьалъэрэт.

Іу эжур апхуэдэу щыту, тырку сультІаным Истамбыл лашхэу щыта тырку дзэзешэхэм и къулыкъур Іэщ ІагъэкІри, Каири кьыдагъэкІащ.

Епланэрей адыгэпщу Льаэхм и шейхъ кьулыкъушхэр кьыдзыльысар Шэрджэс Алий-Бэчъ, «Жин Алий» зыфІащыжкуэ щыгъ т.

Мы адыгэ тхъэмадэр 1728 гъэм Кавказым, ПСыжь аузым кьыщалъхуащ. И адэр адыгэ щоджэнт, чыристан дин лэжьакІуэт, и цІэр Дауттт. ЩІалэ цыкІу кьыщыхуалъхум, Ис уфэ фищат. Ис уфэ и ныбжьыр ильэс 13-м нэсауэ хьунщІакІуэхэм ядыгъурт, Ахьмэд и цІэу сондэджэр гуэрым иращащ. Абы щІалэр Мысырым кьишэри, Ибрэхьим Катэхьда кьрищащ. КьэзыщІэхуэм Алий фІищщ, пщыпІыгъэри щхьэщихри, хьэрыпльбзэ иригъэщІэну. КъурІэнымрэ нэгъуэщІ щІэныгъэхэмрэ иригъэжьеину егъэджакІуэхэр кьыхуищтащ. Алий и япэ кьулыкъур кьрахьум, дзэм хэкІыжхэу щІадзащ. Апхуэдэурэ дзэр мыхьэнэншэ зэрыхъур щІилъагъум, а зэманым Мысырым и уэлийуэ щыта Мухьэмэд-пащэ дзэлашхэу щІидзат, ауэ абы емыдаІуэу, Алий Іуэхуу игъэпсар щыхуэ нахуэуи игъэащІэрт. Абы ныбжьэгъу гуэр и Іэт Мухьэмэд Бэч-Іэбу Ал-Захьаб и цІэу, икІи и пхъур ишауэ и мальхьэу. Тырку уэлийр абы кьеІуІуат Шэрджэс Алий-Бэч Иным епсэльэну, тырк у къэралыгъуэм пэрыуэгъу хуэхъуу иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр игъэувыІэну. Алий-Бэч иригъэжьа Іуэхур абы щхьэкІи имыгъэувыІами, и мальхьэр ахьыпрэ кьулыкъуІэ тырку уэлийм дахьхьыу щІадзат, и щыкъу адэр иукІыжмэ, нэхъыбэж кьыхуащІэну кьагъэнугъэрт. Ауэ мальхьэ нэпсейр абы хунэмысу Алий-Бэч тырку уэлийр трихурн Истамбыл иригъэщэжащ. И мальхьэр кьыззэрепщыкари, хэт кьыжкримыІами, и фІэщ ищІакъым, нэхъри дзыхь кьыхуищІ хьуа мыхьэмэ. ИкІи тыркукъэр нэхъ ерыщыжу яужь ихьащ Мысырым и щейхъ (премьер-министр) Шэрджэс Алий-Бэч тырку уэлийр трихурн Истамбыл иригъэщэжащ. И мальхьэр кьыззэрепщыкари, хэт кьыжкримыІами, и фІэщ ищІакъым, нэхъри дзыхь кьыхуищІ хьуа мыхьэмэ. ИкІи тыркукъэр нэхъ ерыщыжу яужь ихьащ Мысырым и щейхъ (премьер-министр) Шэрджэс Алий-Бэч Иным и унафэр уКІИ.

Истамбыл дэс тырку сультІаным Шэрджэс Алий-Бэч Иным и унафэр уКІИ.Э ищІа нэужь, абы и щхьэр пиупщІу кьыхуихьыну унафэ иІыгъыу Мысырым и уэлийщІэу игъэувар кьиутыпщащ. Ар кьыщищІэм, Алий-Бэч и кьуэдзэр сэлэтипщІ и гъусэу пиГъэтІысри, унафэр зэрыт фэрманыр уэлийм кьытраХащ. ИкІи Алий-Бэч зимыІэжьэу адыгэпщхэмрэ бэчхэмрэ зэхуиущэсри яжриащ: «Мы унафэмкІэ я укІыпнр сэ си закъуэжьым, фэри фаукІынущ, дэ тщыщ зыри кьагъэнэну хуэмеІуэ ераш. Араши, ди щхьэр, ди хьжьыр тхъумэжьын хуейщ!.. Фэ фощІэ иджыри кьэс адыгэхэр Мысырым и унафэщІу зэрыщытар, икІи ахэр щІылъэри уафэри зэрыгушхуэ сультІанхэу кьыззэрыгъуэгурыкІуар. Нобэ хуэдэ махуэр уасэншэщ, ар блэдвмыгъэгъэкІ, игъащІэкІэ апхуэдэ махуэ кьытхуимыхуэжьыкІи хъунщ. Девгъауи щхьэхуит кьэралу дыкъэбгъэувЫ!..»

Мысыр къэралыгъуэ щхьэхуитныгъэр

ШЭРДЖЭС Алий-Бэч и псалъэхэм пэжыгъэу хэлъхэмкІэ псори акъылэгъу хьуащ икІи кьимыкІуэту кьыдэщІынхэу псалъэ кьратащ. Арати, тырку уэлийм хуэтхуатхащ сыхьэт 48-м кьыриубыдэу кьэзгъаззэ имыІэу Мысырым икІыжьын хуеІуэу, имыкІыжмэ, и судыр щхьэпылъэкІэ ящІэну... Апхуэдэ щІыкІэкІэ хэІущІыІу ящІащ хьижрэт махуэгъэпсымкІэ 1183 гъэм Мысырыр кьэралыгъуэ щхьэхуит зэрыхьуар, уэсмэн кьэралыгъуэм зэрыхэмытыжыр. Абы тырку унафэщІхэр хьэжэпхажэ ищІащ Истамбыл щІыр щыхьеим ещхьу икІи Сирием, ащІыгъ тыркудзэмкІи 20 хьур кьаутІыпщащ Мысырыр яубыдыжыну. Ауэ Алий-Бэч ныбжьэгъу у, гъусэ кьыхуэхьуауэ кьыдекІуэкІ Аккэ и Іэмирыр тыркудзэм пегъуэкІащ. Адыгэ унафэщІыр и хэту миниХ фІэкІа мыхъу дзэмкІэ Тэбэрием псы хьурейм дежь тыркудзэм щыпэври, хигъащащ. А зэпэщІэуэвныгъэм иужь тырку сультІаным дзэ кьигъэкІуэжакъым икІи Мысырыр кьэрал щхьэхуит хьуащ.

Дзэ кьимыгъэкІуэжами, и Іитйыр зэтедзауэ мытІысыжу, тырку сультІаным нэгъуэщІ Іэмал щэхуэхэр кьигъэсэбэпу щІидзащ. Арати, а гъэ дыдэм, кьижьэт ящыщ зыгъэпсымкІэ 1183 гъэм, Мысырым и ипщэ льэныкъуэм щыпсэууэ щыта хьэрпІ бедуинхэм зыкъаІэтри, кьэззэуатышхуэ ящІащ Алий-Бэч Иным хуэмеІуэ. Ауэ Алий и мальхьэ Мухьэмэд Іэбу Ал-Захьаб и унафэм щІэту Иемэным иутІыпщащ. Дзэшхэм, хы Плъыкъым и кьуэпситІыр зыри кьыпэмыувыфу зэпичщ, Иемэным нэсри, ар кьыштащ. Абы здэкІуэм, Джэдэ кьалэри, хы Плъыкъ Іуфэхэри иубыдащ. Апхуэдэурэ мазихьм кьриубыдэу хьэрыпІ щынальэшхуэ хьІтІыгум ещхьыр, Мэчэри хэту, кьищтауэ кьигъэззэжащ. Абы хиубыдэрт нобэрей Сауд Хьэрыпри, Эмиратри, нэгъуэщІхэри.

Мэчэ кьалэр кьащта нэужь, абы и тхъэмадэм (бегъымбар унагъуэм ябыхьэкІам) Алий-Бэч кьыхуитхат «Мысырым и пащтыкъ» цІэр кьыфІищу А цІэр иригъ ирихьри, унафэ ищІащ абыкІэ кьырж энхэу, жьмыхьэ нэмэз ящІыхуи а цІэр кьраІуэну икІи, хабзэу зэрыщытам тету, хьижрэт махуэгъэпсымкІэ 1185 гъэм щегъэжьауэ яща ахьшэхэм а цІэ быдгуэт ящІащ.

Алий-Бэч Иныр Мысырым и сультІан хьуу, и кьэралыгъуэр нэхъ ин ищІа нэужь, ар уэсмэн кьэралыгъуэм щиІыкІ. Ауэ Алий-Бэч кьыхуитхат «Мысырым и пащтыкъ» цІэр кьыфІищу. Ар ущІэ ирихьри, унафэ ищІащ абыкІэ кьырж энхэу, жьмыхьэ нэмэз ящІыхуи а цІэр кьраІуэну икІи, хабзэу зэрыщытам тету, хьижрэт махуэгъэпсымкІэ 1185 гъэм щегъэжьауэ яща ахьшэхэм а цІэ быдгуэт ящІащ.

Алий-Бэч Иныр Мысырым и сультІан хьуу, и кьэралыгъуэр нэхъ ин ищІа нэужь, ар уэсмэн кьэралыгъуэм щиІыкІ. Ауэ Алий-Бэч кьыхуитхат «Мысырым и пащтыкъ» цІэр кьыфІищу. А цІэр

Гъэмахуэ Универсиадэ-2011

Универсиадэр щрагъэкIуэкIын папщIэ Шэньчжен щаухуа стадион тельыдэхэрщ.

Студентхэр Шэньчжен щызэбгрокIыж, Къэзан щызэхуэзэжыну я хъуэпсапIэу

Щыщхьэ1ум и 12-я щегъэжьауэ 23 пщIондэ Китайм и Шэньчжен щыпIэм 2011 гъэм и гъэмахуэ Универсиадэр щекIуэкIащ. Хэгъэрейхэм кьищынэмыщIа, абы медаль нэхьыбэ дыдэ кьыщызыхьар Урысей Федерацэм и студентхэрщ.

ТХЬЭМАХУИТIКIЭ екIуэкIа зэпеуэ удэзыхьэххэм хэтащ къэрализ 150-м икIа спортсмен мини 10-м щIигъу. Ахэр спорт лIэужьыгъуэ 26-кIэ зэхьэзэхуащ.

ЭкономикэмкIи спортымкIи иужьрей ильэсхэм хуабжьу зызыужьа Китайм и зэфIэкIыр аргуэру зэ наIуэ псоми ящищащ. Абы и щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ псори зэхэту медали 145-рэ кьахьащ, 75-р дыщэу, 39-р дыжьыну, 31-р жэщу. Дыщэ зэхуэхьэсыжымкIэ хэгъэрейхэм адрейхэр куэдкIэ кьакIэрыхуащ. Кьапщтэмэ, гуп зэпеуэм етIуанэ щыхьуа Урысей Федерацэм и спортсменхэм кьахуэхьар ялэ увыпIэу 42-рэщ. Абы щыгъуэми ахэр КитаймефIэкIащ дыжьынымрэ (45) жэзымкIэ (45). Ещанэ хьуащ Корее Ищхьэрэр: дыщэу 27-рэ, дыжьыну 20, жэзу 30.

Гуп нэхьыфIищым кьакIэльыкIуэ сыт щыгъуи къакIэ спортсмен лъэщхэр зыгъасэу кьеIуэкI Япониер, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр, Италиер. АрщхьэкIэ, абыхэм псоми зэхэту кьахьа дыщэ медалхэм я бжыгъэр (67-рэ) Китайм зыIэригъэхьам пэгъунэгъуи хъуркъым (75-рэ).

Совет Союзу щытам кьытепщыкIыжа къэралыгъуэхэм ящыщу Урысей Федерацэм кьищынэмыщIауэ, нэхьыфIу зыкьагъэлъэгъуащ Украинэм икIэхэм. Абыхэм гуп зэпеуэм ебланэ увыпIэр щаубыдащ икIи псори зэхэту медаль 44-рэ кьахьащ, 11-р дыщэ, 19-р дыжьыну, 14-р жэзу. Украинхэм зыкъомкIэ кьакIэрыхуащ латвышхэр (дыщэу 5, дыжьыну 5, жэзу 3), белорусхэр (3, 4, 6), эстонхэр (1, 1, 1), къэзахъэр (0, 3, 3), азербайджанхэр (0, 2, 0), узбекхэр (0, 1, 0), куржыхэр (0, 0, 1). Адрейхэм зыри медаль кьахуэхьакъым.

Шэньчжен щекIуэкIа гъэмахуэ Универсиадэм хэтащ къэралыгъуэ 150-м щыщу 64-м зы медаль нэхъ мыхъуми яIэрыкъащ. Ар куэд тезыгъэгушхуэ Iуэхугъуэщ.

Спорт лIэужьыгъуэхэм я гугъу пщIымэ, цIыху мелуанэр дэзыхьэх футболым бэнэныгъэ нэхъ гуащIэр щекIуэкIащ. ЦIыхухъуэхэм я зепеуэм пашэныгъэр щаубыдащ Японием и студентхэм. Абыхэм финалым 2:0-у щыхагъэщIащ топджэгур къэзыгупсысауэ кьальытэ инджылъхэр. ЦIыхубзхэм я зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Китаймрэ. КIэух зэIущIэм хэгъэрейхэр 2:0-у щефIэкIащ я гъунэгъу икIи сыт щыгъуи я хьэрхуэрэгъу нэхьыщхьэ Японием кьикIаэм.

ГуащIэу екIуэкIащ волейболистхэм я зэпеуэри. Абы и финалым щызэхуэзащ славян зэкъуэшхэр. Апхуэдэ зэпэщIэтыныгъэм нэхъ хуэхьэзыр я кьыщIэкIа Урысей Федерацэм и спортсменхэм кьахьащ, 75-р дыщэу, 39-р дыжьыну, 31-р жэщу. Дыщэ зэхуэхьэсыжымкIэ хэгъэрейхэм адрейхэр куэдкIэ кьакIэрыхуащ. Кьапщтэмэ, гуп зэпеуэм етIуанэ щыхьуа Урысей Федерацэм и спортсменхэм кьахуэхьар ялэ увыпIэу 42-рэщ. Абы щыгъуэми ахэр КитаймефIэкIащ дыжьынымрэ (45) жэзымкIэ (45). Ещанэ хьуащ Корее Ищхьэрэр: дыщэу 27-рэ, дыжьыну 20, жэзу 30.

Гуп нэхьыфIищым кьакIэльыкIуэ сыт щыгъуи къакIэ спортсмен лъэщхэр зыгъасэу кьеIуэкI Япониер, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр, Италиер. АрщхьэкIэ, абыхэм псоми зэхэту кьахьа дыщэ медалхэм я бжыгъэр (67-рэ) Китайм зыIэригъэхьам пэгъунэгъуи хъуркъым (75-рэ).

Совет Союзу щытам кьытепщыкIыжа къэралыгъуэхэм ящыщу Урысей Федерацэм кьищынэмыщIауэ, нэхьыфIу зыкьагъэлъэгъуащ Украинэм икIэхэм. Абыхэм гуп зэпеуэм ебланэ увыпIэр щаубыдащ икIи псори зэхэту медаль 44-рэ кьахьащ, 11-р дыщэу, 19-р дыжьыну, 14-р жэзу. Украинхэм зыкъомкIэ кьакIэрыхуащ латвышхэр (дыщэу 5, дыжьыну 5, жэзу 3), белорусхэр (3, 4, 6), эстонхэр (1, 1, 1), къэзахъэр (0, 3, 3), азербайджанхэр (0, 2, 0), узбекхэр (0, 1, 0), куржыхэр (0, 0, 1). Адрейхэм зыри медаль кьахуэхьакъым.

Шэньчжен щекIуэкIа гъэмахуэ Универсиадэм хэтащ къэралыгъуэ 150-м щыщу 64-м зы медаль нэхъ мыхъуми яIэрыкъащ. Ар куэд тезыгъэгушхуэ Iуэхугъуэщ.

Шэньчжен щыпIэм и Iэтащхьэм зэхьэзэхуэм и мафIэр иIыгъщ.

Дзюдоистхэм я зэпеуэм.

Урысей Федерацэм и ныпыр яIэт.

Шэньчжен щекIуэкIа гъэмахуэ Универсиадэм екъулIэныгъэ щызиIа къэралыгъуэхэм кьахьа медалхэр

№	Къэралхэр	Дыщэ	Дыжьынымрэ	Жэзу	Псори
1.	Китай	75	39	31	145
2.	Урысей Федерацэ	42	44	45	132
3.	Корее	27	20	30	77
4.	Японие	23	26	38	87
5.	США	17	22	10	49
6.	Италие	12	5	13	30
7.	Украинэ	11	19	14	44
8.	Таиланд	7	2	9	18
9.	Тайвань	6	9	15	30
10.	Ямайкэ	6	2	1	9
11.	Польшэ	5	7	8	20
12.	Тырку	5	7	7	19
13.	Литва	5	5	3	13
14.	Австралие	5	3	8	16
15.	Новэ Зеландие	5	3	4	12

Атлетикэ хьэ лъэмкIэ чемпион Деманов Андрей.

Дыщэ медалу 4 кьэзыхьа Канаевэ Евгение.



● Гу зылъытапхъэ

«Егъэджэныгъэ-2011»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту 2003 гъэ лъандэрэ екIуэкI урысейпсо журналист зэпеуэр мы илъэсми кьыхалъхьащ. Абы и жэрдэмщIакIуэр УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэрщ. Зэпеуэм и кьалэн нэхьыщхьэри Iэнатlэм и щыпкIэр, абы и ехьулIэныгъэхэр, кьыпэщылъ Iуэхуэхэр кьыщыгъэлъэгъуа журналист лэжьыгъэ нэхьыфIхэр наIуэ къэщIынырщ, жылагъуэм школымрэ егъэджакIуэмрэ гулъытэ нэхьыбэ хуегъэщIынырщ.

МЫГЪЭРЕЙ зэпеуэм унэтIныгъэ нэхьыбэ кьызэIуехьыжьа Псалъэм папщIэ, абы утыку кърахьэ хъунущ егъэджэныгъэм и мызакъуэу, щIэныгъэ Iуэхуми теухуа журналист лэжьыгъэхэр. Абыхэм хэплъэну къэпщытакIуэ гупым хохьэ еджапIэхэм я унафэщIхэр, «Урысейм и егъэджакIуэ нэхьыфI» къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр, цIыхуэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтын политикэмкIэ экспертхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэпеуэм хэтыну кьрагъэблагъэ федеральнэ, щIыналъэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр: жылагъуэ-политикэ, егъэджэныгъэ-щIэныгъэ журналхэр, газетхэр, теле-, радиокомпаниехэр, интернет-порталхэр, журналистхэр. Зэпеуэм ягъэхь лэжьыгъэхэр газетхэм, журналхэм я кьытехуауэ е эфирымкIэ кьатауэ, кьагъэлъэгъуауэ щытын хуейщ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м кьыщыщIэдзауэ 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэс.

Журналист зэпеуэм хэтынухэм абыкIэ кьызэгъэпэщакIуэхэм хьыбар ирагъэщIэн хуейщ 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 15 пщIондэ. Абыхэм я интернет хэщIапIэр: http:konkurs.sovet-edu.ru , E-mail: pro2011@sovet-edu-ru , телефоныр: +7 (495) 624-0301 (блыщхьэ-мэрем махуэхэм сыхьэти 10-м кьыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 хъуху, Куплинов Ярослав).

ТАМБИЙ Линэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къапэщытхэм щытопсэлъыхь

КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм республикэм и прокуратурэм щрагъэкIуэкIа зэзыгъэуIу зэIущIэм щызэпкърахащ терроризмымрэ экстремизмымрэ зэрапэщIэтым кърикIуэхэр. апхуэдэ щIэпхьаджагъэхэр къэмыкIуэн папщIэ ящIэр. зэрызэхагъэкI щыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ къапэщытхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ кьащIыхьагъащIащ дин, лъэпкъ-экстремист зэгуэхэныгъэхэм я гугъу щхьэрыуахэм терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр зэхащIыхьынкIэ шынагъуэ зэрыщIэм кьыхэкIыу я лэжьыгъэр кьагъэтIасхъэ зэрымыхьэнур, иужьрей ильэсхэм кьыззрагъэуВым хуэдэу, зэуIуу, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщэчауэ я кьалэнхэм бгъэдыхьэн, щIэпхъаджащIэхэм зэребэн иджырей Iэмалхэр тэмэму кьагъэсэбэным зэрыхуейр.

ЗэIущIэм кьыщащтащ я ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэгъэкIынуэ, я жьыджэгъым зэрыхагъэхъуэнум, терроризмымрэ экстремизмымрэ зэрапэщIэт хабзэр дяпэкIи зэрагъэбзыдэнум теуухуа Iуэхугъуэхэр щыгъэбелджыла унафэ.

Я щыщIэныгъэхэр ираГъэлъагъуж

Бахьсэн кьалэм и прокуратурэмрэ Урысейм и МЧС-м и республикэ къудамэмрэ къапщытащ щIыхуэхэмрэ щIыналъэмрэ кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхьумэным хуэунэтIауэ Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и пшэрылъхэр зэригъэзащIэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, «ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэр зы хабзэм тету зэраубыхуу щыкIэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м кьызэригъэувым тету, Бахьсэн кьалэ округым и щIыналъэм кьегъэлакIуэ зэгухьэныгъэ кьыщызэрагъэпэщакIыжу, кьэрымыкIуэ щытыкIэхэм япэщIэтынымкIэ кьэрал системэ зэгуэтым и Положенэм и епщакIуэзанэ пунктым зэрыщыжиIэм хуэдэу, зыуэ щыт дежьрнэ кьегъэлакIуэ Iуэхущ1эн я кIэкъым,

«Дунейм, нэгъуэщI кьэхъукъащIэхэм кьашэ кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щыкIуэнэмрэ щIыналъэмрэ я щыхьумэным и Iуэхукlэ» 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьыдэкIа Федерацэм и закон №68-ФЗ-м и 11-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «д» пунктым ипкъ иткIэ, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я Iуэхьэр зэрагъэкIуэдыжыну ахъшэрэ мылъкурэ ягъэтIылъ. Арами, 2006 гъэм мазаем и 27-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №261-р-кIэ, 2007 гъэм накьыгьэм и 10-м КъБР-м и Правительствэм кьыщта Унафэ №9-СЗ-мкIэ ягъэбелджылэ хьэпшыпхэм тещIыхьауэ мылъку гъэтIылъыгъэхэр щIыныр иджыри яублакъым.

Бахьсэн кьалэ округым и цIыхухэмрэ и щIыналъэмрэ кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм зэхущытыкIэ зэфIагъэкIыр мащIэщ икIи абы кьыхэкIыу щIыпIэ унафэщIхэм икIэщIапIэкIэ гулъытэ хуащIыпхъэщ.

Бахьсэн кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэм хуатхащ кьахута ныкъусаныгъэхэр фIэкIыпIэншэу ягъэзэкIуэжыну хуэзыгъэув тхылъ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэр къагъапцIэ

Сыт хуэдэ щIэпхьаджагъэри кьемыIэтщ, ауэ абыхэм яхэтщ гум пхутемыкIахуэхэр - зи ныбжь хэкIуэтахэр къагъэщIэныр.

УФ-м и МВД-м и Iуэхущ1апIэу Налшык кьалэ щыIэм и лэжьакIуэхэр апхуэдэ бзаджэнаджагъэм щрихьэлIэкъуэу. Мы махуэхэм абыхэм яубыдащ нэхъапэм судым ирамышIа, 1959 гъэм кьалъхуа налшыкдэсыр. Ар УФ-м и Пенсэ фонду КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэу жиIэри, 1925 гъэм кьалъхуа фызыжьым и фэтэрым щIыхьащ икIи ахъшэ щыIэхунхьэ банк тхылъыр, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветерану зэрящIытымкIэ удостоверенэр Iэщ1ихащ.

Ядыгъуэ дэфтэрхэр нужькIэ кьагъуэтыжри зейм Iэрагъэхьэжащ.

Газ, псы Iуэхущ1апIэхэм, Пенсэ фондым я лэжьакIуэу жызыIэ гъэпцIакIуэхэр нэхъыбэ зэрыхьэм кьыхэкIыу, республикэм и щIыхэр фысакъыну, набдзэгубдзапIэу фыщытыну, дзыхь зыхуэнмыщ дэтхэнэми теуухуа хьыбар полицэм евгъэщIэну фыкьыхуходэж.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Афиян

Ильэсий тралъхьэ

Къармэхьэблэ къуажэм щыщ Тенджиз Оксанэ наркотикхэкIэр куэду ригъэкIыну зэрыхэтамкIэ хуащIыну Налшык кьалэ судым кьыдытащ икIи илъэси 8-кIэ лъэхъуэщым исыну тезыр трилъхьащ.

ТЕНДЖЫЗР щIыхь зыбжанэ хъу гупым хэту наркотик ищэн мурад иIэу хуагъэфащэу Урысейм Наркотикхэм ебэныным Iэ и федеральнэ кьулыкъум и Iуэхущ1апIэу Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэм 2010 гъэм яубыдауэ щытащ. Абы щыгъуэ тезыру тралъхьар и унэм имыкIынрати, Iуэхур зжагъэкIыху щыпсэу Налшык кьалэ щыIащ. Абы щхьэкIэ ар кьыхэтеувыIакъым икIи афиныр кьалэм дэт «Колос» бэзэрым и хьэщIэщым щригъэкIащ. Мис абы щыгъуэ ар КъБР-м и наркополицейхэм кьапэщIэхуащ.

Судыр щекIуэкIыным, абы зэрыжиIамкIэ, «зыгъэпсэхуГъуэ махуэхэм яужькIэ «Колос» бэзэрым и хьэщIэщым лэжьакIуэ дэкIри и контейнерыр зэIухауэ, ерыскъыхьэкIэр имыгъыжу ирихьэлIащ. Зыгъэлажьэм фIэкIуэдам и уасэр ипшынжыну кьыхуищIэуващ икIи ар нэхъ псынщIэу иритыжьын папщIэ наркотик зыхъхь Iущхьэ жыIэ ищэну кьыхуигъэльэгъуащ».

ЯгъэтIысам балигъ мыхъуа сабинтI иIэщи, а илъэсийм аэр я анэшхуэм и нэIэм щIэтынущ.

СУАНОВЭ Залинэ.

ИкIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжыпхъэ

Республикэм и кьалащхьэм и еджапIэхэм гъэ еджэгъуэщIам зэрызыхуагъэхьэзырым хиубыдэу, а Iуэхущ1апIэхэр мафIэсым щыхьумэным зэрыхуэщIам теухуа кьэщцытэныгъэхэр Налшык къалэмкIэ кIэлъыплъакIуэ къудамэм иригъэкIуэкIащ.

КЪУДАМЭМ и лэжьакIуэхэм егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэ зэмылэгъуэу 67-рэ, абы зи щкол кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъхэу 12 хиубыдэу, кьапщытати, ныкъусаныгъэ зыбжанэ кьыщIагъэщащ. Ахэр еджапIэхэм я унафэщIхэм зэман кIэщIым кьриубыдэу ягъэзэкIуэжын хуейщ.

КIэлъыплъыныгъэмкIэ къудамэм и унафэщI Борисов Вячеслав зэржиIэмкIэ, мафIэсым зыщыхъумэным теухуауэ еджапIэхэм я ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэр пхъэм кьыхэщIыкIа пкIуэнэхэр мафIэ щIэмыпэну кьыдэрызэмыгъэпэщащ, мафIэс кьэхъуэ хъужькъуэмэ кьозыгъащIэ сигнализацэхэр зэрыщымыгъэуварщ.

Илъэсыр кьызэрихьэрэ Налшык кьалэмкIэ кIэлъыплъакIуэ къудамэм кьалэм и курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжынымкIэ ялэжьыпхъэ Iуэхугъуэ 974-рэ кьыщыгъэлъэгъуа дэфтэр 66-рэ Iэрагъэхьащ. Зи щIэкъыдэхэ ведомствэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ хъыбар 68-рэ лъагъэIэсащ. Административнэ жэуапым къулыкъущIэ 77-рэ ирашэлIащ.

- Ди къудамэм и закъуэкIэ, административнэ тезыркIэ егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэр мафIэсым щыхьумэным пыщIа гугъуехьхэр зэфIэха хъунукъым. Ар щыпхъэзэфIэкIынур властым и Iэнатlэхэмрэ еры еджапIэхэм я унафэщIхэмрэ, мафIэс шынагъэуэнщагъэр я Iуэхущ1апIэхэм кьыщымыхъуным кIэлъыплъхэр дыдэдалажьэмэщ, - жеIэ Борисовым.

Адэкlэ кьызэрыхигъэщащи, КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэми абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIех. Абы и лэжьакIуэхэм еджапIэхэр мафIэсым щыхьумэнымкIэ экъуэп зыхъхэр мафIэс шынагъуэ къэхъу хъужькъуэмэ щытыкIэм къызэрикIынум, цIыхухэр зэрыщIагъэIэпхъукIыным хурагъаджэ. Къищынэмыщ1ауэ, гъэ еджэгъуэм къриубыдэу Налшык кьалэм и мызакъуэу, республикэм и курыт еджапIэхэм, сабий Iуэхущ1апIэхэм я гъэсэнхэм Iуэхугъуэ пыухыкIахэр драгъэкIуэкI.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щызэрагъэщIэжаи, мафIэс кьэхъу хъужькъуэмэ, кьахуэсэбэнпну щогуть. Ауэ нэхъыщхьэр мафIэс къэмыгъэхъуныр, Абы щхьэкIэ узыхуеинур зыщ - мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэр Iуэхущ1апIэхэм щагъэзэщIэнырщ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭМухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щапхабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм иэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпытыну щыткъым.

Газетыр Iэ зэшдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м щIэныгъэ щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня, редактору Жылаэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкьан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 19.20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №2098